

5 bagay pou konnen konsènan asirans sante

1. Diferan polis asirans sante ka ofri diferan benefis, e genyen ladan yo ki ka limite doktè, lopital, oswa lòt pwofesyonèl swen sante ke w itilize.
2. Ou ka gen pou peye yon dediktib chak ane plan an anvan konpayi asirans ou a kòmanse peye pou swen w resevwa. Pa egzanp, ann di dediktib ou \$200. Ou gen yon vizit nan sal dijans ki koute \$1,250. Ou peye premye \$200 pou kouvri dediktib ou, epi apresya asirans ou an kòmanse peye kotizasyon pa l la.
3. Ou ka gen pou peye ko-asirans oswa kopeman lè w resevwa sèvis medikal, tankou al kay doktè, al lopital kòm pasyan ki pa entèn, oswa pran yon preskripsyon. Ko-asirans jeneralman se yon montan an pousantaj (pa egzanp, 20% pri total la). Yon kopeman jeneralman se yon montan fiks (pa egzanp, \$10 oswa \$20 pou yon preskripsyon oswa pou vizit kay doktè).
4. Plan asirans sante gen kontra avèk rezo lopital, doktè, famasi, ak pwofesyonèl swen sante. Toudepannde tip polis asirans ke w achte, plan w lan ka peye sèlman pou swen w lè w resevwa kay yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo plan an, oswa ou ka gen pou peye plis nan pri bòdwo a.
5. Kòmanse nan ane 2013, pifò moun oblije, selon lalwa, gen asirans sante, oswa peye yon frè avèk deklarasyon denpo yo.

Jwenn plis enfòmasyon sou kijan asirans lan fonksyone nan HealthCare.gov. Ou ka rele tou Sant Apèl pou Mache Asirans Sante a nan **1-800-318-2596**. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan **1-855-889-4325**.



Valè yon Asirans Sante



Health Insurance Marketplace

CMS Product No. 11631-Hatian-Creole
Revised July 2016

Pwoteksyon asirans sante ede peye depans yo lè w bezwen swen

Pa gen pèsòn ki planifye pou yo malad oswa pou yo blese, men pifò moun bezwen swen medikal rive yon lè. Pwoteksyon asirans sante ede peye pou depans sa yo e li pwoteje w kont gwo depans ki wo anpil yo.

Kisa asirans sante ye?

Asirans sante se yon kontra ant ou menm ak yon konpayi asirans. Ou achte yon plan, epi konpayi an aksepte pou l peye yon pati nan depans medikal ou yo lè w malad oswa blese.

Gen lòt benefis enpòtan nan plan sante. Plan ki disponib nan Mache Asirans Sante a (ak pifò nan lòt plan yo) bay swen prevantif gratis, tankou vaksen ak konsiltasyon. Yo kouvri kèk depans tou pou medikaman sou preskripsyon.

Asirans sante ede w peye pou swen

Èske w te konnen pri mwayèn pou yon sejou 3 jou lopital se \$30,000? Oubyen ke pou ranje yon janm kase, sa ka koute jiska \$7,500? Lè w gen pwoteksyon asirans sante sa ka pwoteje w pou pa gen pou peye gwo depans sanzatan, tankou sa yo.

Polis asirans ou oswa rezime benefis ak pwoteksyon an ap montre ki tip swen, tretman ak sèvis plan an kouvri, sa enkli konbyen kòb konpayi asirans lan pral peye pou tretman diferan nan sitiyasyon diferan.

Sa w peye pou asirans sante

Jeneralman, ou peye yon prim chak mwa pou pwoteksyon asirans sante, e ou ka gen pou satisfè tou yon dediktib chak ane. Yon dediktib se montan ou dwe pou sèvis swen sante ki kouvri yo anvan pou asirans sante w la oswa plan w lan kòmanse peye. Dediktib la ka pa aplike pou tout sèvis.

Kantite kòb ou peye pou prim ak dediktib ou baze sou tip pwoteksyon ou genyen an.

Menm jan montan prim ak dediktib la enpòtan, se menm jan an tou ke kantite kòb ou gen pou peye lèw resevwa sèvis, enpòtan tou.

Men kèk egzanp:

- Sa w peye ki soti nan pòch ou pou sèvis apre w peye dediktib la (ko-asirans oswa kopeman)
- Montan total w ap gen pou peye si w tonbe malad (montan maksimòm ki pou soti nan pòch ou)

Polis ki gen prim ki mwen chè a ka pa kouvri anpil sèvis ak tretman.

